

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa salah sahiji karya tina hasil pamikiran manusa nu diéksprésikeun ngaliwatan basa, boh basa lisan boh basa tulis. Dumasar kana jenis basana ogé, bisa dititénan éta karya sastra téh saperti sastra daérah, sastra Indonésia, atawa sastra asing.

Sastra daérah mangrupa sastra nu aya di unggal wewengkon masarakat nu béda-béda di Indonesia, saperti sastra Sunda, Jawa, Bali, Lampung, jeung sajabana. Dina éta karya sastra daérah téh jenis-jenisna béda jeung sastra Indonésia. Misalna waé dina sastra Sunda mah aya nu disebut sajak, carpon, novél, sisindiran, wawacan, carita pantun jeung réa-réa deui. Tangtu di daérah séjén ogé aya nu sarua atawa aya nu béda sesebutanana.

Dina sastra Sunda aya nu disebut sajak nu miboga harti karangan anu teu kauger ku patokan atawa sipatna bébas. Kumpulan sajak Sunda téh réa pisan, boh nu ditulis ku panyajak lalaki boh nu ditulis ku panyajak wanoja. Malah mah aya sawatara sajak nu teu kanyahoan saha pangarangna, tapi lolobana mah ditulis ku panyajak lalaki diantarana Sajudi, Rachmat M. Sas Karana, Ajip Rosidi, Surachman R.M., Ayatrohaédi, Yayat Héndayana, Godi Suwarna, Juniarso Ridwan, Éddy D Iskandar, Yus Rusyana, Iyo Mulyono, Déddy Éfféndié, Yoséph Iskandar, Taufik Faturohman, Usép Romli H.M., Soni Farid Maulana, Dédy Windyagiri, Abdullah Mustappa, Wahyu Wibisana, Acép Zamzam Noor, Yous Hamdan, Hasan Wahyu Atmakusumah, Apip Mustopa, Hadi AKS, Asikin Hidayat, Itto Cs. Margawaluya, Arié Suhandu, Saéful Badar, Aan Merdéka Permana, Didin Tulus, Rosyid É Abby, Liman Sanjaya, Darpan.

Salian ti sajak nu ditulis ku panyajak lalaki, aya ogé sajak nu ditulis ku panyajak wanoja diantarana saperti Étti RS, Chyé Rétyy Isnéndés, Dyah Padmini, Hj. Amalina Nurrohmah, Risnawati, jeung sajabana. Saupama dititénan leuwih teleb mah écés pisan katitén bédana atawa *jomplang* antara jumlah panyajak lalaki

jeung jumlah panyajak wanoja téh. Tina nu disebutan, katitén leuwih réa panyajak lalaki tibatan panyajak wanoja.

Étti RS salaku panyajak wanoja nu geus kawéntar sarta kungsi dilélér hadiah sastra rancagé ti Yayasan Rancagé nu dipupuhuan ku Ajip Rosidi. Hadiah sastra rancagé nu kungsi ditarimana dina taun 1995 kana kumpulan sajakna nu judulna “*Maung Bayangan (Maung Terluka)*” sarta deuih dina taun 2009 kana kumpulan sajakna nu judulna “*Serat Panineungan*”. Salian ti éta, dina taun 2012 dilélér deui hadiah sastra rancagé dina widang jasa. Salian ti sajak, anjeunna ogé kawilang produktif dina nulis carpon boh dina basa Sunda boh dina basa Indonésia.

Salian ti Étti RS, aya ogé panyajak wanoja nu séjénna nyaéta Chyé Rétty Isnéndés. Anjeunna pituin urang nagrak Sukabumi lahir tanggal 02 Désémber 1972. Chyé resep nulis sajak ti SD kénéh dina basa Indonésia, tuluy di SMP mimiti nulis sajak dina basa Sunda. Chyé ogé salah sahiji pangarang nu kawilang produktif, karya-karyana bacacar dina antologi-antologi Sunda jeung Indonésia. Misalna waé sajak, carpon, novéllét, jeung sajabana. Sawatara sajakna dibukukeun dina kumpulan sajak *Kidang Kawisaya* (1999) jeung *Nu Nyusuk dina Sukma* (2010). Malah mah, buku kumpulan sajak *Kidang Kawisaya* dina taun 2000 dilélér hadiah sastra rancagé ti Yayasan Rancagé nu dipupuhuan ku Ajip Rosidi.

Anu baris dipedar dina ieu panalungtikan téh ngeunaan kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* nu miboga latar bukuna abstrak sarta aya potop pangarangna. Ieu kumpulan puisi Sunda modéren dibéré panganteur ku Téddi Muhtadin nu judulna *Gagasan, Kanyataan, jeung Manuk Giras*. Dina ieu kumpulan puisi Sunda modéren téh ngagambarkeun ngeunaan kahirupan sagemblengna nu kaalaman ku unggal jalma boh lalaki boh awéwé. Anapon kahirupan nu leuwih dominan, ceuk Téddi ieu sajak nyaritakeun kahirupan pangarangna, saperti kahirupan wanoja salaku mahluk sosial, salaku budak, salaku indung, cintana, manusa jeung bangsana, jeung sajabana (Téddi Muhtadin dina panganteur buku Kumpulan Puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma*, 2010: kc. 5).

Kahirupan sosial ieu panyajak écés pisan, salian ti salaku panyajak, inyana ogé salaku pangarang Sunda nu manggul pancén salaku Dosén Jurusan

Taufik Al Rasyid, 2016

**KAJIAN STRUKTUR SAJAK DINA KUMPULAN PUISI SUNDA MODÉREN NU NYUSUK DINA SUKMA
KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS PIKEUN BAHAN AJAR APRÉSIASI PUISI DI SMA KELAS XI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pendidikan Bahasa Daérah FPBS UPI Bandung. Salian ti éta ogé, ieu panyajak téh aktif di lembaga atawa paguyuban kasundaan kayaning Patrem, PPSS, PSS, jeung sajabana.

Puisi dina basa Indonesia dina sastra Sunda disebut sajak. Puisi mangrupa karya seni anu miboga unsur kaéndahan jeung puitis sarta ngandung harti anu teleb. Ku kituna, dina puisi mah moal bisa langsung meunangkeun ma'na nu sabenerna saupama henteu diteuleuman leuwih jero, komo mun saukur maca saliwatan mah. Pamaca dina hal ngainterpretasikeun kudu merhatikeun unsur-unsur sajak kalayan merenah.

Salah sahiji karya sastra dina wangun puisi téh bisa dibédakeun gumantung kana waktu gumelarna saperti puisi buhun jeung puisi modéren. Puisi modéren téh mangrupa wangun karya sastra dina puisi anu ayana kabéhdieunakeun contona saperti sajak. Anapon puisi buhun mah wangun karya sastra nu ayana dina mangsa harita contona saperti carita pantun, rajah, jeung sajabana.

Anu baris dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan salah sahiji karya sastra Sunda dina wangun sajak. Sajak nu saméméhna geus disebutkeun yén mangrupa salah sahiji karya sastra anu teu kauger ku aturan atawa bébas nu gumantung ka nu nyieun atawa panyajakna. Salian ti éta, aya ogé sajak anu sifatna kauger nyéta sajak nu kudu merhatikan pada jeung padalisanna.

Saluyu jeung pamadegan Iskandarwassid (1996, kc. 133) nétélakeun yén sajak nyaéta salah sahiji wanda puisi atawa wangun ugeran anu teu (pati) kauger ku patokan wangunna. Saupama ditilik tina wangun eusina, sajak bisa dibédakeun kana tilu wanda nyaéta sajak épik, sajak lirik, jeung sajak anu nyarita. Sajak épik nyaéta sajak nu ngadadarkeun carita atawa ngalalakon.

Sajak lirik nyaéta sajak anu ngagambarkeun rasa panyajakna jeung deuih katémbong sikep panyajakna, sedengkeun sajak anu nyarita nyaéta sajak anu ngadadarkeun hiji kajadian. Eusina mangrupa laporan atawa réportase. Bébédaanana nyaéta laporan mah saukur nepikeun béja ngeunaan hiji kajadian, sedengkeun sajak mah ébréhan kereteg pribadi nu nulisna milu asup jeung méré warna kana naon anu dicaritakeunana.

Saupama ditilik tina unsur intrinsik pangwangunna, sajak téh diwangun ku struktur jeung lapis ma'na. Aminudin (2014, kc. 136) nétélakeun yén wangun

Taufik Al Rasyid, 2016

KAJIAN STRUKTUR SAJAK DINA KUMPULAN PUISI SUNDA MODÉREN NU NYUSUK DINA SUKMA KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS PIKEUN BAHAN AJAR APRÉSIASI PUISI DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

struktur puisi mangrupa unsur pangwangun sajak nu bisa dititénan sacara visual nu ngawengku sora, kecap, padalisan, pada, jeung tipografi. Anapon lapis ma'na mangrupa unsur nu nyamuni dina struktur.

Béda deui jeung Waluyo (1995, kc. 29) anu nétélakeun yén puisi ditilik tina unsur pokona nyaéta struktur fisik jeung struktur batin. Unsur-unsurna moal bisa madeg mandiri tapi mangrupa hiji beungkeutan antara nu hiji jeung nu lianna kudu silih lengkepan sangkan kahontal dina ngaguar ma'na nu nyamuni.

Panalungtikan ngeunaan sastra réa pisan wandana, contona saperti sajak, carpon, novél, wawacan, carita pantun jeung sajabana. Ngan hal nu ngabédakeunna mah lebah kajian sarta tiori nu dipakéna, ku sabab pamarekan dina panalungtikan sastra teu sakabéh bisa dipaké tapi kudu dipilah jeung dipilih saluyu jeung pangabutuh panalungtikanna.

Panalungtikan ngeunaan sajak téh can kaitung réa dilaksanakeun, lantaran teu sakabéh mampuh ngayakeun panalungtikan ngeunaan sajak. Sanajan kitu, aya panalungtik nu geus ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan sajak, boh medar sajak sagemblengna boh dipatalikeun jeung panalungtikan séjén. Éta panalungtikan téh aya nu dipatalikeun jeung pangajaran, basa, ogé sastra sagemblengna. Misalna waé skripsi “Analisis Struktural dina Kumpulan Sajak Titimangsa Karya Abdullah Mustappa” karya Riksa Sukma Wibawa, (2015), “Model Pangajaran Explicit Instruction pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Sajak” karya Gian Hervyagi, (2013), “Éféktifitas Média Flipchart pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak” karya Taufik Al Rasyid, (2013), “Média Photostory dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak” karya Tyas Agung Pratama, (2014), “Média Vidéo dina Pangajaran Nulis Sajak” karya Rena Rahmawati, (2014), “Téhnik Musikalisasi dina Pangajaran Maca Sajak karya Selra Sucia Fitri, (2014). Kitu deui aya panalungtikan dina wangun tésis nu judulna “Kajian Struktural, Stilistika, jeung Étnopedagogi dina Kumpulan Sajak Periode Taun 2000-an” karya Acep Deri Cahyadi, (2013).

Sok sanajan objékna sarua ngeunaan sajak, tapi puseur paniténa mah beda. Dina ieu panalungtikan nu ditalungtikna nyaéta ngeunaan struktur sajak Roman Ingarden, laju hasil panalungtikanana dipatalikeun jeung bahan ajar aprésiasi puisi di SMA.

Taufik Al Rasyid, 2016

KAJIAN STRUKTUR SAJAK DINA KUMPULAN PUISI SUNDA MODÉREN NU NYUSUK DINA SUKMA KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS PIKEUN BAHAN AJAR APRÉSIASI PUISI DI SMA KELAS XI
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina ieu panalungtikan nu rék dipedar téh ngeunaan kumpulan puisi Sunda modéren “*Nu Nyusuk dina Sukma*” karya Chyé RéTTY Isnéndés nu dikaji ku struktur sajak Roman Ingarden nu can kungsi aya nu nalungtik. Éta hal jadi kauntungan dina ieu panalungtikan, lantaran bisa lalusa nalungtik jeung bisa lalusa dina ngébréhkeun idé sarta gagasan. Katitén tina judul-judul panalungtikan can aya nu medar sajak nu judulna *Nu Nyusuk dina Sukma* komo maké konsép struktural Roman Ingarden mah. Éta hal jadi kauntungan dina ieu panalungtikan, lantaran tacan aya nu nalungtik.

Ku kituna, lantaran tacan aya nu nalungtik jeung aya luang dina ieu panalungtikan, judul panalungtikan “Kajian Struktur sajak dina kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* karya Chyé RéTTY Isnéndés pikeun bahan ajar aprésiasi puisi di SMA Kelas XI”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta kajian struktur sajak Roman Ingarden tina kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* pikeun bahan ajar aprésiasi puisi di SMA Kelas XI. Dumasar kana rumusan masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur sajak Roman Ingarden (nu ngawengku lapis sora, lapis harti, lapis objék, lapis dunya jeung lapis métafisik) dina kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* karya Chyé RéTTY Isnéndés pikeun bahan ajar aprésiasi puisi di SMA Kelas XI?
- 2) Kumaha larapan hasil panalungtikan kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* karya Chyé RéTTY Isnéndés pikeun bahan ajar aprésiasi puisi di SMA Kelas XI?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, nyaéta sakumaha anu dipedar di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban kajian sastra Sunda utamana dina sajak.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun:

- 1) ngadéskripsikeun struktur sajak Roman Ingarden (nu ngawengku lapis sora, lapis harti, lapis objék, lapis dunya jeung lapis métafisik) dina kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* karya Chyé RéTTY Isnéndés pikeun bahan ajar aprésiasi puisi di SMA Kelas XI;
- 2) ngadéskripsikeun larapan hasil panalungtikan kumpulan puisi Sunda modéren *Nu Nyusuk dina Sukma* karya Chyé RéTTY Isnéndés pikeun bahan ajar apresiasi puisi di SMA Kelas XI.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, sakumaha anu dipedar ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis mangpaat ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngabeungharan pangaweruh dina kajian sastra Sunda utamana dina sajak ngaliwatan tiori-tiori struktur sajak Roman Ingarden.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat dina ieu panalungtikan diantarana nyaéta pikeun:

- 1) paélmuan, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber référénsi keur mahasiswa basa jeung sastra, sarta akademisi sastra dina nalungtik sastra Sunda;
- 2) universitas, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda jeung jadi dokuméntasi dina kamekaran sastra Sunda;

- 3) sakola, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh boh ka siswa boh ka guruna sarta pikeun bahan ajar atawa babandingan bahan aprésiasi puisi.
- 4) panalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh sarta wawasan; jeung
- 5) masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber pikeun ngeunteung, napsirkeun, laju nangtukeun sorangan gagasan atawa idé dina nyawang kahirupan jeung pasualan-pasualan anu disanghareupan dina alam kiwari.

1.5 Sistematika Tulisan

Hasil panalungtikan disusun dina karya tulis anu ngawengku lima bab, anu sistematikana saperti ieu di handap:

BAB I BUBUKA

Bab I ngadéskripsikeun bubuka nu ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

BAB II KAJIAN PUSTAKA

Bab II ngadéskripsikeun ngeunaan kajian téori, panalungtikan saméméhna, sarta raraga mikir.

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Bab III medar ngeunaan métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, saperti desain panalungtikan, métode panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan, sarta instrumén panalungtikan.

BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN

Bab IV ngadéskripsikeun ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran.

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Bab V anu ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.